Recueilli par : Mamadou Lamine NDOYE
Dit par : Fat Siisé Njaay, demeurant à Leuga

-------

# GÒOR GI DEMOON DI WUTI JABAR

Dafa fi amoon genn gòor goo xam ni ku am alal la, rafet te amul jabar. Ku ñu ko bëgg may ci dëkk bi mu ni bëggu ko.

Benn bés mu fab u fasam ne day wuti jabar. Fas wi di dow, di dow, di dow, ba ci àll bi mu taseek genn gòor gu màggat, mu sarax ko. Gòor gi ni ko :

- "Baay foo jëm ?"

Mu ni ko : :

- Man dé, dëkk ba ma dëkk, ku ñu ma fa bëgg may jabar ma ni bëgguma ko, ma bëggòon koo wuti nag.

Gòor gi ni ko :

- Boo demee ba ca àll ba dinga fa gis garabi soraans. Boo xuusée ba ca biir garab yi, dinga fa gis ñetti doomi soraans, nga daggandoo leen. Soo ñòwee ba ca digg àll ba, soo xollee benn bi dina am ku ci génné, te dina am lu mu la laaj.

Mu ni ko : - Waaw.

Muy dowal fasam, di ko dowal, di ko dowal ba àgg ca àll ba, ba gis ñetti garab yi, daldi gis ñetti soraans ya mu daggandoo leen.

Muy dowal ba ci digg àll bi, mu xolli benn ba. Ku jigéen ku rafet génne ci, ni ko :

- "Baay, may ma pòon".

Mu ni : Man dé amuma pòon.

Mu nééti ko :

-"May ma mburu."

Mu ni ko : Man dé amuma mburu.

Mu ni ko :

-"Kon dé yow mënòo ma ame ; kon naa dellu ci sama xott" .

Mu des ñaari soraans.

Muy dowalati, di dowalati, di dowalati ba ci digg àll bi, xolleeti beneen soraans. Ku dàq ku jëkk ka, génn, daldi ni ko :

- "Baay may ma mburu".

Mu ni ko : Man dé amuma mburu.

Mu ni ko :

-"May ma pôon".

Mu ni ko : Man dé amuma pôon.

Mu ni ko :

- Yow dé ndoon mënôo maa ame, naa dellu ci sama xott.

Mu dese ko benn soraans.

Mu daldi dem jënd mburôom ak pôonam. Muy dowal, di dowal ba ca digg àll ba, xolli benn soraans ba ko dese woon, ku dàqati ñooñu génnée ci, ni ko :

- "Baay, may ma mburu".

Mu jox ko mburu, mu lekk ba doyal.

Mu ni ko :

- May ma pôon.

Mu jox ko pôon. Mu mëq ba doyal.

Mu ni ko :

- Yow laa mën àndal.

Waa ji ni ko :

- Leegi dañuy def lenn : damay dem sunu dëkk ni leen am naa jabar, ndax ñu teeru ma. Leegi nag dama bëgg nga dëkk ci kow taax mii ba ma dem yégal leen ko.

Taax mi nag ci kow garab la nekk ba noppi tiim géej.

Mu ni ko : - Waaw.

Ñu jot faa nekk ba am doom ju gôor. Jëkkër ji daldi dem nag di ko yëgali waa dëkk ba ngir ñu teeru kook tama yeek yépp.

Bu doom ji nelawee rekk yaay ji säppu ci kow taaxum-kow mi, takandeer bi di feeñ ci ndox mi. Bu jinné ji ñôwée di duy, séen takandeer bi defe ni moom ci boppam la. Mu daldi ni :

- Ey ! Man ndekete nii laa rafete ! Ku rafet ba mel nii ñu lay duylòo.

Mu daldi rajaxe ndaa la. Ca ëllëg sa mu dikkati di duy. Ku jigéen ki sëppòoti ci ndox mi. Mu néeti :

- Ey man ! Ndekete nii laa rafete ! Ku mel nii ñu lay duylòo. Mu daldi rajaxeeti ndaa la.

N̂etteeli yoon ba jinné ji dikkaat di duy. Mu xool takandeer ba, néeti :

- Ey man ! ndekete nii la rafete. Ku rafet ba mel nii ñu lay duylòo. Mu daldi rajaxe ndaa la.

Ku jigéen ki ci kow daldi ree.

Mu ni ko :

- Ndekete yow mii yaay sëppu fii, su ma ñówée defe ni man ma rafet ! Wàccal ma létt la.

Mu ni ko : - Man duma wàcc ndaxte sama jëkkër dafa dem, te dafa ma waxoon ni lu yàgg-yàgg bu ma wàcc.

Mu ni ko : - Wàccal rekk, létt yi du yàgg ; ma létt la létt yu rafet nga teeroo ko sa jëkkër.

Mu wàcc ; mu daldi ko létt ba noppi jël benn pingu samp ko ci digg bopp bi, mu daldi soppeeku picc mu rafet daldi naaw. Jinné ji yéeg ci kow taax mi wuutu ko. Bi doom ji yewwoo mu fab ko.

Jëkkër ñów ni waaw ana sama jabar ?

Mu ni ko : Maa ngi nii, nun nii lañu mel, sunu waa dëkk danuy soppeeku, bu teyee ñu rafet, bu ëllëgée ñu ñaaw.

Jëkkër ji ni : éy man fu ma ŋëm ak suma gàcce gi te yégal naa ko sunu waa dëkk ba noppi. Lu nekk ñu ngi kow def ngir teeru ma ndax ku ñu ma mos may rekk ma ni bëgguma ko, te ku ñaaw kii laa leen nar indil.

Mu ni ko : - Ñun nii lañu mel.

Jëkkër ji ni ko : ndoon nañu dem.

Ñu yegg waa dëkk ba di ree, ñii di yuuxëe naan :

- Waa jii Yàlla na dee ! ku ñu ko mos may mu bañ ndekete lii la ñuy indil ! Kii daal Yàlla na dee !

Benn bés, ku gëor ni, nañu wuti ay picc ca àll ba. Ba ñu yeggee ñuy wut di wut ba jàppaale yaayu xale ba ñu soppi woon picc ; muy picc mu rafet. Ñu ñów nag def ko ci kër gi. Picc mi bëgg xale bi lool. Xale bi màgg, fu mu tollu rekk picc mi tag ci kowam, mu di ko raay.

Jabar ji ni : Picc mii daal nañu ko rey ; bu subaa nañu rey picc yépp. Xale bi di joey ni bu kenn rey picc mi. Baay bi ni ko dañu koy rey.

Mu am bés ñu teg taabal di lekk, picc mi daldi ñów ni cëpp ci digg ndab li. Xale bi di ko raay, di ko raay ba simpi pingu bi ci bopp bi, mu soppeeku yaayam. Jinné ji daldi dee.

Jëkkër ji wax waa dëkk ba ni leen kii moo doon sama jabar, dañu ko soppiwoon picc.

Mu daldi nekk ak jabaram, di séy seen ub séy, ak doomam.